АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№43
(10037)
РУЗМАН
21 октябрь
2022 сон
25 РАБИУЛЬ-АВВАЛЬ 1444 СОН

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багъа эркенаб

■ РОСДАЛ МАГIИШАТ

## Районцоязе рацIцIадал нигIматалги захIматчагIазе шапакъаталги

**Районалъул росдал магIишаталъул хIаракатчагIи кIодо гьарулеб тадбир тIобитIана 19 октябралъ ХIебда.**

Гьеб къоялъ радал росдал магIишат цебетIеялъе кьер-кьолел ругел хIалтIухъаби данде ракIарун рукIана рай-администрациялда.

Росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачевас дандельиги рагьун, тIоцебе-себ иргаялда баркана росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда гьезул профессионалияб байрам. Гьединго, гьес баян кьуна араб соналъул ва исанасеб ичIго моцIалъул хIасилазда рекъон росдал магIишаталъул цебетIеялъул, рехсана лъикIаб хIалтIи бихьизабурал магIишатал, бицана найихъабазе хIукуматалъул рахъалдаса щвезе рес бугеб кверчIваялъул. Гьединго, лъикIаб кумек щвезе рес буго ахал гIезаризе бокьаразеги. Гьеб суалалдасан мухIканлъи кьезе мурадалда хасгьабун данделъиялде ахIун вукIана МФЦялъул юрист ГIабдула ГIалиев. Гьес бицана хIукуматалъ рихьизарурал шартIазул ва хехаб заманалда жаниб ах гIезабизе бокьаразе ДРялъул экономикаялъул министерствоялдасан щвезе рес бугеб гIарцулаб кумекалъул.

Росдал магIишаталъул захIматчагIаздехун баркиялъулаб кIалъай гьабуна райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроевасги. Жакъасеб къоялъ гьезул бугеб захIматаб,амма кIвар цIикIкIараб хIалтIи бичIчIун, росдал магIишаталъул хIалтIухъабазе гьес гьарана сахлъиги, магIишатал церетIезаризе къуватги икъбалги.

Гьединго, данделъиялда борхана суал районалда унеб бугеб рагъда ругезе ва гьезул хъизаназе кумек гьабиялъе гIуцIараб «Кинабго фронталъе. Кинабго бергьенлъиялъе» фондалъул хIалтIул. Фондалъ гьабураб кумекалъул ва цере лъун ругел масъалабазул баян «Цолъи»ялъул редактор П.МухIамадовалъ кьедал, данделъараз жидерго рахъалдаса кумек гьабиялъул пикру загьир гьабуна. -ГIаммаб ишалдаса нахъе къан чIоларо ниж. Росдал магIишатазул нухмалъулезги гьабизе буго кумек,- ян тIаде жубана ГьитIино МахIачевас.






Хадубккун, араб соналъул ва исанасеб ичIго моцIалъул заманалда жаниб росдал магIишаталъул производителазда гьоркьор бищун лъикIал хIасилал рихьизарурал магIишатазе кьуна райадминистрациялъул рахъалдасан шапакъатал. Къецазул хIасилазда 1-себ бакI щвана «М.ХIасановасул» СПКялъе- нухмалъулев И.Ибрагьимхалилов, 2-леб бакIалде бачIана «Ругъелда» СПК -председатель ГI.ИсмагIилов, 3-леб бакI гьоркьоб бикьана ГьентIа росдал СПКялъ ва Гьанхъадерил СПКялъ.

Росдал магIишаталъул къо баркун, районалъул администрациялъул рахъалдасан хIурматалъул грамота кьуна «М.ХIасановасул» СПКялъул доярка Залму АхIмадовалъе, «Гьандихъ» СПКялъул гIиявехь МухIамад МухIадовасе, «ГьентIа» СПКялъул производствоялъул заведующий МухIамад МухIамадовасе ва «Ругъелда» СПКялъул механизатор ПатахI ГIабдухаликъовасе. Гьединго, районалъул бетIерасул рахъалдаса баркалаялъул кагътал кьуна ИП «Исманат»алъул бетIергьан И.ХIадисовалъе, М.Асиятиловасе - КФХ «ХIарада», ветуправлениялъул ветврач М.ГIумаровасе ва росдал магIишаталъул отделалъул бухгалтер М.СалихIовасе.

Хадубккун киналго данделъиялъул гIахьалчагIи къокъана ХIебда кIудияб мажгиталда аскIоб бугеб майданалда тIобитIараб росдал магIишатазул нигIматазул ярмаркаялде.

Ярмаркаялда жигараб гIахьаллъи гьабуна сверухъ ругел росабалъа гIадамаз, жалго бетIергьанал ва росдал магIишатазул хIалтIухъабаз. СПКялгун ЛПХаяз базармайданалда тIибитIун букIана хасалихълъиялъул бачIин, магIарухъа, хъутабаздаса кинабго жидецаго гIезабураб продукция - гьанал, рахьдал, хур-ахалъул ва цогидал нигIматал. Дару-хер жубазабичIого ричулел нигIматал кидаго щоларо, хасго рекъараб багьаялде. ГIор щварабго цIул бахъеян абухъего, босулезул къадар гIемер букIана гьениб. МагIарухъ бижараб пихъ-мичI, гьединго рахьдал нигIматазул, гьан, мохмох кинаб бокьаниги тIад хъирщун босизе букIана СПКязги сверухъ ругел росабалъа гIадамазги бачIун. Исана цIикIкIун бачIин бахъарал найихъабаз бакъул чIоразукь кенчIолеб бацIцIадаб гьацIудалъун хьезаруна ярмаркаялде щваравщинав.

Майданалда тIиритIарал нигIматазе къимат кьезе щвана райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев ва росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитIино МахIачев. НигIматазул хIал бихьараз цIакъ лъикIаб къимат кьуна бацIцIадаб продукциялъе.

**ТI. МУХIАМАДОВ**

■ ТАДБИРАЛ

## Имам ГъазимухIамад ракIалде щвезавиялъул турнир

**Араб шамат къоялъ, ай 15 октябралда, Гьолокь аэродромалъул авлахъалда тIобитIана, Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад ракIалдещвеялъе чуял рекериялъул турнир. Къецазда гIахьаллъана Болъихъ, Буйнакск, Гумбет, Гъуниб, ЛъаратIа, Унсоколо, Хунзахъ, Хьаргаби, ЧIарада, Шамил районаздаса ва тахшагьаралдаса 31 чотIахъан.**



Тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов ва райсобраниялъул председатель МухIамадамин Хизроев. «ХIурматиял гьалбал, къецазул гIахьалчагIи ва балагьарал! Исана анлъабилеб нухалъ нилъ данделъун руго, имам ГъазимухIамад ракIалдещвеялъул турниралда. ГIасрабазулъ цIар хъвараб гьесул гIумру нилъее ВатIан цIуниялъулъ бихьизабураб бахIарчияб мисаллъун буго. Гьединабго мисаллъун руго жакъа хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьабулел нилъер ракьцоялги. Спорталъ кидаго гъункизарула гIолилал. Спортивиял къецазулъ гIахьаллъиялъ цIикIкIуна гьудуллъи, щулалъула вацлъи. Гьарула киназего къецазулъ бергьенлъи щвеялъе икъбал»-ян абуна турнир рагьулаго МухIамад ХIасановас.

(Ахир 2-леб гьум.)

■ ТАДБИРАЛ

# Имам ГъазимухIамад ракIалде щвезавиялъул турнир



(Байбихьи 1-себ гьум.)

Чуял рекериялъул турнир тIобитIана щуго батIияб даражаялда: «МугIрузул бекерухъан», «МугIрузул юргъачу», «Тайпадул бекерухъан» ва «Тайпадул юргъачу», «Жубараб тайпадулаб».

ГIолилазул цIакъ гъира балеб спорталъул тайпа букIиналъ, чуял риччаялъухъ балагьизе щварал гIемер рукIана. Къецазул гучги чотIахъабазул бажариги тIадегIанаб букIиналъ, хIалуцун букIана щибаб свериялъул рекери. Ахирисел секундазда гурони хIасил кинаб букIинеб лъаларел сверабиги ккана.

Къецазул хIасилал гьадинал ккана:

**«МугIрузул бекерухъан»**

1-себ бакI- ГIабдулхаликъов Шамиль, Унсоколо район;

2-леб бакI-Шахрудинов Пахрудин, ЛъаратIа район;

3-леб бакI -Абакаров МухIамад, Гъуниб район.

**«МугIрузул юргъачу»**

1-себ бакI- Шахрудинов Юсуф, ЧIарада район;

2-леб бакI-Сиражудинов МухIамад, Шамил район;

3-леб бакI- МухIамадов Артур, Гъуниб район.

**«Тайпадул бекерухъан»**

1-себ бакI-Асиятилов ГIали, Шамил район;

2. Исрапилов МухIамад, Болъихъ район;

3.ГIалиев Дагир, Буйнакск район.

**«Тайпадул юргъачу»**

1-себ бакI-Тамирсадатанов АхIмад, МахIачхъала;

2-леб бакI-МахIмудов АхIмад, МахIачхъала;

3-леб бакI- ГIалиев Зумрат, МахIачхъала.

**«Жубараб тайпадулаб»**

1-себ бакI- МухIамадгIалиев ХIамзат

2-леб бакI- Давудов ГьитIино, Шамил район;

3-леб бакI- Шамхалов Гъазичула, Гумбет район.

Турниралда бергьаразе кьуна къиматал сайигъатал, кубокал, медалал ва грамотаби.

Шамил районалда гIадат хIисабалда тIобитIулеб чуязул рекери тIадегIанаб даражаялда ана.

**Давуд ДАВУДОВ**









■ ДАНДЕЛЪИ

# Росабалъе нухал къачIалел руго

**13 октябралъ райадминистрациялда районалъул бетIер МухIамад ХIасановасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана дандельи. Данделъиялъул аслияб суаллъун букIана районалда «Дир Дагъистан-дир нухал» нацпроекталъул хIалтIаби яшавалде рахъинари.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадовас, ОКСалъул нухмалъулев ШехмухIамад ХIажимухIамадовас, экономикаялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель ХIамзат ХIамзатовас, подрядалъулал гIуцIабазул вакилзабаз ва проекталда рекъон хIалтIаби гьарулел ГIасаб, Ругъелда, Микьигьориб ва Гъоркьа Бакълъухъ росабазул бегавулзабаз.

Санайил республикаялъул «Дир Дагъистан-дир нухал» проекталда рекъон цIакъ лъикI унел руго Шамил районалда хIалтIаби. Районалъул бетIерас планазул хал гьабун, специалистазда дандбана проекталда рекъон гьаризе цере ругел хIалтIабазул.

- Дица кидаго такрар гьабулеб буго, районцояе рахIат ва шартIал чIезари буго бищун кIвар цIикIкIараб масъалалъун дие. Хадубккунги нухал ва сверухълъи хIажалъи цIикIкIаралъул къачIазе руго.

Хасго кIвар буссинабуна МухIамад ХIасановас, хIалтIаби тIубан рагIалде рахъинегIан проект мухIканаб бербалагьиялда гъоркь букIине кколебльиялде.

ТIоцебесеб иргаялда, гьел росабалъ къачIалел руго централиял къватIал ва гIадамазул гIумру-яшавалда бухьен бугел объектазде ругел нухал.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ КЭМЗАЛЪ 60 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Дагъистаналъул экономикаялъул цебехъан

**Совет хIукумат биххун хадуса, Дагъистаналда кIвечIо киналго предприятиял цIунизе. ГIемерал гьезда гьоркьоса риххана, хвезе тана. Амма ккана захIматал къоялги нахъа тун, цIунизе кIвараб гуребги, жеги кутакалда цебетIун, тIегьан, Россиялдаго кIвар бугеблъун лъугьараб предприятиеги. Гьединаблъун ккола исана юбилей тIубараб Гъизляралъул электрониябгун механикияб завод (КЭМЗ).**

«Концерн КЭМЗ» хIалтIизе байбихьаралдаса исана октябралда тIубана 60 сон. ЛъикIаб хIалтIи щвезе захIматаб дагъистаниязе, Гъизляралъул заводалъ хIалтIи кьун буго жакъа къоялъ кIиазарго чиясе. Гьелъул лъабил бутIа ккола – 30 соналъул ригьалде щвезегIан ругел гIолилал-специалистал.




КЭМЗалъул промышленнияб комплекс ккола рорженалъул аппаратазул диагностика, борталъулал алатал, гражданияб продукциялъе ва халкъалъ хIалтIизарулел къайи гьаби. 60-сонилаб тарихалда жаниб электрониябгун механикияб заводалъ гIадатиял контактораздаса байбихьун, кIвар цIикIкIарал эксплуатациялъулал контролалъул комплексазде гIунтIун кIудияб нух нахъа тана.



АЛЬФА-КМалъул МачIада росулъ рещтIен.

Аслияб лъабго батIияб рахъалъ цебетIезаби хIисабалде босун букIана Концерналъ ахирал соназда жаниб. Гьел ккола-авиациялъулал двигателал гьари, автомобилияб промышленносталъе хIажатаб къайи хIадури ва самолеталгун вертолетал гьари.

Амма республикаялъего кIвар цIикIкIараб Концерн кIигоги лъабгоги рахъалде буссун чIун гьечIо. Ахирал саназ тIолго Дагъистаналдаго цебетIураб туризмалъул сфераялда свердухъги, КЭМЗалъ гьарулел руго гIемерал хIалтIаби.

МачIада росдада аскIоб рагьана «Сосновый бор» абураб хIухьбахъиялъулаб база, Каспий ралъдал рагIалда рагьана хIухьбахъиялъул турбазаби «Терек» ва «Сулахъ», Гъизляралда -санаторий «Терек», гьенибго КЭМЗалъул маданияталъул кIалгIа, кумекалъулаб магIишат, жидерго типография, лъималазул рекIелгъеялъул комплексал, гостиницаби ва цогидалги рикIкIен гIемерал сахлъи цIуниялъул, хIухьбахъиялъул ва туризмалъул бакIал руго хIалтIулел тIолго Дагъистаналда. Гьединго, нилъер районалъул МачIада ва ХIебда росабалъ хIалтIулел руго ОАО «Концерн КЭМЗ»алъул рукъарулел цехал.

Дагъистаналъул промышленносталъул флагманлъун бугеб КЭМЗалъул кIвар буго цо республикаялда гуребги, тIолго улкаялъего. Концерн унеб буго Россиялъул стратегиялъулал предприятиябазул сияхIалда гьорлъе. КъватIире риччалел руго самолетал ва вертолетал, гьелъ гIуцIулеб буго Дагъистаналда, Шималияб Кавказалда ва Россиялда гьитIинаб авиациялъулаб щулияб букIинесеб. Бажари цIикIкIарав генералияв директор Ибрагьим АхIматIовасул нухмалъиялда гьоркь, КЭМЗалъ кIудияб кумек гьабулеб буго республикаялда авиация ва кинабго экономика цебетIеялъе.






АвиациялъулаЛ хIалтIаби гьари гуребги, авиакомпаниялда цебе буго лъикIал специалистал цоги регионаздаса ралагьиги ва гIагараб заманалда жаниб Дагъистаналда гIолохъанал специалистал хIадуриги. КЭМЗалъулазул планазда буго республикаялда профессионалияЛ пилотал хIадурулеб риидалилаб училище рагьизе.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ИНФОРМАЦИОННОЕ СООБЩЕНИЕ

## О приеме предложений по кандидатурам членов участковых избирательных комиссий с правом решающего голоса

Руководствуясь статьей 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» Территориальная избирательная комиссия Шамильского района объявляет прием предложений по кандидатурам для назначения членов нижеследующих участковых избирательных комиссий с правом решающего голоса (в резерв составов участковых комиссий), формируемых в 2022 году:

| Номер участковой избирательной комиссии | Количество членов участковой избирательной комиссии с правом решающего голоса |
|---|---|
| 1 | 2 |
| Участковая избирательная комиссия №1844 | 5 |
| Участковая избирательная комиссия №1854 | 5 |

Прием документов осуществляется в период с 21.10.2022 г. по 19.11.2022 года по адресу: (368430, Республика Дагестан, Шамильский район, село Хебда, улица Имама Шамиля, дом 50, ТИК Шамильского района)

При внесении предложений и оформлении документов по кандидатурам для назначения членов участковых избирательных комиссий следует руководствоваться статьями 22, 27 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации», Методическими рекомендациями о порядке формирования территориальных избирательных комиссий, избирательных комиссий муниципальных образований, окружных и участковых избирательных комиссий, утвержденных постановлением Центральной избирательной комиссии Российской Федерации от 17 февраля 2010 года №192/1337-5).

В состав участковых избирательных комиссий не зачисляются лица, подпадающие под ограничения, установленные пунктом 1 статьи 29 Федерального закона «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации».

Заседание территориальной избирательной комиссии по формированию участковых избирательных комиссий будет проведено в 12.12.2022 года.

**Территориальная избирательная комиссия Шамильского района**

■ МЧС ИНФОРМИРУЕТ

## Пожарная безопасность в медицинских учреждениях, в учреждениях социальной защиты населения и здравоохранения с круглосуточным пребыванием людей

Пожарной безопасности объектов здравоохранения уделяется особое внимание, поскольку из-за большого количества постоянно находящихся на их территории больных и персонала, возрастает риск возникновения негативных последствий от пожара. Именно поэтому сотрудники пожарного надзора по Шамильскому, Хунзахскому, Тляратинскому и Цунтинскому районам регулярно проводят профилактические инструктажи с работниками объектов здравоохранения. К таким объектам относятся больницы, поликлиники, санатории, профилактории и другие.

При проведении инструктажа пожарный инспектор рассказывает об обязательных требованиях пожарной безопасности, предъявляемых к объектам здравоохранения и об ответственности за их нарушение, напоминает порядок действий персонала в случае возникновения чрезвычайной ситуации, а также о правилах пользования огнетушителями и подручными средствами пожаротушения, дает рекомендации по проведению профилактических мероприятий на объекте. В ходе проведения инструктажа всем присутствующим вручаются памятки о мерах пожарной безопасности.

Четкое выполнение работниками медицинских учреждений предписанных инструкцией по действиям при пожаре, поможет избежать паники, человеческих жертв и потерь дорогостоящего имущества.

Все действия сотрудников при возникновении пожара должны быть направлены на спасение людей. Первоочередное задание – эвакуация больных и посетителей в безопасное место. Одновременно предписывается выполнять действия по тушению огня – развернуть пожарный рукав и открыть вентиль, подающий огнетушащее вещество. При необходимости следует воспользоваться ручным огнетушителем или другими первичными средствами пожаротушения. Распространение информации о пожаре – также входит в обязанности медперсонала. От того насколько точно и быстро среагирует персонал на возникновение огня, зависит время начала эвакуации, оптимальный выбор маршрута для эвакуации, эмоциональное состояние людей, скорость движения эвакуируемых и выхода их на безопасное место.

Пожар всегда случается внезапно. Когда беда происходит, важно не растеряться в непростой ситуации. Именно на этом, акцентируют внимание персонала представители МЧС России.

**С уважением, Начальник ОНД и ПР №17 ГУ МЧС России по РД Мурад Магомедгаджиевич ГАМЗАТОВ**

■ ЗИГАРА

## Къелеса ИсмагIилмухIамад



Дагъал къояз цеве ахираталъул рокъове ана машгьурал гьанжеселги, умумузухъа нилъехъе щварал халкъиялги ва халкъиял гурелги бакънал зурмида рачун, росдалги районалъулги, гьединго, аза-азар магIарулазул ва магIарулал гурезулги ракIал жиндир гьунаралъ рохизарурав Шамил районалъул Къелеса ИсмагIилмухIамад ГIумаров.

ЦIалун цаби-гIусазул тохтурлъун вахъаниги, дагъал саназги хIалтIун, тIаса бищана гьанже къанагIатаблъун ккараб зурмихъанасул махщел. Районалда ва гьеб тун къватIир тIоритIулел рохалил тадбиразул кидагосев гIахьалчилъун вукIунаан. Дагъал бертабиги цоги рохалил тадбиралги гуро гьесул гIахьаллъигун нухда арал. ГIемер ахIулаан магIарул районазде. КинабгIаги чIухIи-къули букIунароан ахIаралъуве ине. Дагъабниги рес рекъарабго, цохIо живго вугеб мегIер-гIалахалдаги сверухъе рухIчIаголъиялда рагIизе гIадин, биччан толаан зурмил гьаракь. Жиндир учительзаби кколин Къелеса АтимахIал ГIали, ГъазимухIамадил МухIамад, МачIадаса КIомелавилан бицунаан гьес. Гьесда лъалаан рехсараз рачунел рукIаралги ва жеги цересезулги бакънал. ЦохIо кьурдул накабаз гурел, бечедаб букIана гьесул репертуар. Чанги къо бачIина гьев вугищан ккараб. Гьанже зурмихъаби цIакъго къанагIалъун руго. ЦоялгIаги ругьун гьаруларел щайилан гьикъидал, гьес абулаан бокьулеб гьечIилан.

Щиб гьабилеб. Аллагьасул къадаралда гьабизе бегьулеб жо гьечIо. Ракьалда вугогIан гIемеразул ракIал рохизарурал гIадин, ахираталдаги вохун тайги, алжанги насиблъайги гьесие.

### *ИсмагIилмухIамад*

Къо-мех лъикI къелдерил машгьурал бакънал,
Накълулъанин устар наку бачунев,
Къо-мех лъикI бертаби, ихтилат-сухIмат,
Сунде ракIги чучун, гьел тIоритIилел?

ТIокIаб рагIиларо мугIрул-щобазда,
Зурмида рачунел магIарул бакънал.
Эхеб унеб лъарцин лъалхъанин кколел,
Лъица дуца гIадин гьел реэдилел?

Лъица лъоба мугIрул тIогьазде вахун
ТIабигIатцин сверухъ боххизабилеб,
Зурмил гьаркьазухъе кьурдаги багъун,
Кьелеб гьанже жаваб дандерижияз?

Мун вукIана инсан цо лахIзаталъцин,
Жиндихъ гIин чIваразе чIаголъи кьолев.
Яги риг араздa гьеб рагIарабго,
ГIолохъанлъиялъул асар рещтIунев.

Бертабалъ дур зурма къвакъадарабго,
Кьокъид гIолохъабаз “гьарс” ахIулаан,
ХIатIал кин росилел лъаларецаги
Лъедон унеб куцалъ гор сверулаан.

“Чолаб”,”Атрачилаб”, яги “Руссураб”
Чан батIияб кьурди чIаго гьабураб.
Чол кьолонир васал кьурдулеб хIалалъ,
Кьун букIана дуе зурмие гьунар.

Рохалил тадбираз-фестивалазда,
Цадахъ кьокъунезул кьерда цере нуж,
Кьабулеб кьалигун ДавудмухIамад,
Огь,нужер рекъон ккей-къелдерил гьунар!

Чанги лъугьа-бахъин ракIалде щола,
Гьанжесеб тадбирги ваккун вачIинин.
Камуна росдае мун гIемеразе,
МагIаруллъиялъул къадру ккуразе.

Берцинго ахIулел кочIол бакъналги,
Рекъон букIараб куц зурмихъе пуйдал.
“По горным дорогам” дуда гурони
Зурмида бачине чамазда кIвараб?

Къо-мех лъикI къелдерил бакъназул устар,
Умумузул бакънал къосине течIев.
Къо-мех лъикI лъиего хIажатав инсан,
ХIалхьиялда кьижа,ниж бесдаллъанин.

**С.ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

## О проведении Общероссийской акции «Сообщи, где торгуют смертью»




На территории Республики Дагестан с 17.10 по 28.10.2022 года проводится 2-й этап Общероссийской акции «Сообщи, где торгуют смертью»

Цель акции:

Предупреждение распространения наркомании среди молодежи и несовершеннолетних, выявление и пресечение незаконного оборота наркотических средств.

Выявление фактов вовлечения молодежи, а также несовершеннолетних в преступную деятельность, связанную с незаконным оборотом наркотических средств, психотропных веществ их аналогов и прекурсоров.

Выявление и привлечение к ответственности лиц, осуществляющих употребление, хранение и сбыт наркотических средств и психотропных веществ.

За употребление, хранение, и распространение наркотиков привлекают к административной и уголовной ответственности по статьям: 6.8, 6.9 КоАП РФ; 228, 228.1, 230, 234 УК РФ.

В связи с выше изложенным, ОМВД России по Шамильскому району, просит у граждан района оказать содействие в установлении мест посевов конопли, а также установлении лиц, занимающихся распространением наркотических средств, психотропных веществ их аналогов и прекурсоров.

При имеющейся любой информации сообщить по следующим телефонным номерам: 92-23-25; 8-999-418-90-70.

Анонимность гарантируется!

**Начальник ОМВД России по Шамильскому району,**
**М.М. МАГОМЕДОВ**

**ЦОЛЬЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

**МухIамадова ПатIимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**ГьитIинова ПатIимат Жамалудиновна**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**ТI. МухIамадов**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гъазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГъазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Щияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьорк.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ кьимат кьезелъун. Нижер электрониаб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru**

**Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI 50**